



Travayè Etranje Ak Nimewo Sekirite Sosyal

Yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou rapòte salè yon moun ba gouvènman an epi pou detèmine si yon moun kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal. Ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou jwenn yon djòb, pou touche avantaj Sekirite Sosyal, epi pou resevwa kèk lòt sèvis gouvènman.

Si ou Ozetazini pou yon ti tan pou travay, patwon ou ap mande ou nimewo Sekirite Sosyal ou. Anjeneral, se sèl sitwayen ki gen otorizasyon Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS) pou travay Ozetazini ki kapab resevwa yon nimewo Sekirite Sosyal.

Menmsi anpil lòt biznis, tankou bank ak konpayi kredi yo, mande nimewo ou tou, yo pa gen obligasyon pou fè sa. Ou kapab resevwa anpil sèvis san yon nimewo Sekirite Sosyal, tankou yon lisans chofè.

Kisa mwen dwe fè pou mwen travay Ozetazini?

Toudabò, ou dwe gen dokiman ki montre kondisyon Imigrasyon Etazini ou ak otorizasyon pou travay Ozetazini. Answit, ou ta dwe aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal nan Administrasyon Sekirite Sosyal. Men, nou rekòmande ou pou tann 10 jou apre ou fin rive Ozetazini pou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Sa ap asire Sekirite Sosyal kapab verifye dokiman ou yo.

Kijan pou mwen aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal?

Aplikasyon pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal fèt pou gratis. Pou aplike:

- Ranpli yon fòm *Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC); epi
- Montre nou dokiman orijinal ki pwouve:
 - Idantite ou;
 - Kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay; ak
 - Laj ou.
- Pote fòm aplikasyon ou ranpli a ak dokiman orijinal ou yo nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou.

Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ki sètifye nan ajans ki bay dokiman yo. Nou pa kapab aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.

Nou pa kapab nonplis aksepte yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an.

Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou kòm prèv idantite ou ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay. Batistè oswa paspò ou ka sèvi kòm dokiman ki pwouve laj ou. *Ou dwe bay omwen de (2) dokiman apa.*

Idantite ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay

Pou pwouve idantite ou ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay, montre nou dènye dokiman imigrasyon Etazini ou ak paspò etranje ou ki pa ekspire. Men kèk nan dokiman imigrasyon ki akseptab yo:

- Fòm I-551 ou;
- Fòm I-94 (Dosye Antre/Sòti) ou ki montre otorizasyon DHS ba ou pou travay, oswa
- Fòm I-766 ou (pèmi travay DHS ba ou).

Vizitè nan Pwogram Echanj: Yon vizitè A J-1 dwe montre nou tou yon DS-2019, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status (Sètifikasi Kalifikasyon pou Kondisyon Vizitè nan Pwogram Echanj)*. Answit, etidyan J-1 yo, etidyan k ap fè estaj yo ak vizitè entènasyonal yo dwe montre yon lèt rekòmandasyon pou pwouve travay yo. Lèt la ta dwe fèt sou papye ki gen antèt enstitisyon ki bay lèt rekòmandasyon an avèk yon siyati orijinal ki otorize travay ou.

Etidyan entènasyonal: Yon etidyan F-1 oswa M-1 dwe montre nou tou yon Fòm I-20, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status (Sètifikasi Kalifikasyon pou Kondisyon Etidyan ki pa Imigran)*. Lòt dokiman pou pwouve kalifikasyon ou pou travay ka obligatwa. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Etidyan Entènasyonal ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon Nimewo 05-10181-HC).

Laj

Ou dwe prezante batistè peyi etranje ou si ou genyen li, oswa ou kapab jwenn li nan 10 jou ouvrab. Si ou pa genyen li, nou kapab konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS ba ou kòm prèv laj ou.

(lòt bò a)

Konbyen tan l ap pran pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal?

Nou dwe verifye dokiman ou yo nan DHS anvan nou afekte yon nimewo Sekirite Sosyal pou ou. Apre nou fin resevwa verifikasiyon nan DHS, n ap voye kat Sekirite Sosyal ou pa lapòs. Nan pifò tan, nou kapab verifye dokiman ou yo byen vit avèk DHS nan Entènèt. Si nou pa kapab verifye dokiman ou nan Entènèt, DHS ka pran plizyè semèn anvan pou yo bay repons pou demann nou. Nou travay anpil avèk DHS pou diminye reta sa yo.

Èske mwen bezwen gen nimewo mwen anvan mwen kòmanse travay?

Nou pa egzije ou pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan ou kòmanse travay. Men, Internal Revenue Service (IRS, Sevis enpo sou Revni Ameriken) egzije patwon yo pou yo itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou rapòte salè ou.

Pou fè sa, l ap itilize yon nimewo Sekirite Sosyal. Pandan ou ap tann nimewo Sekirite Sosyal ou, patwon an ka itilize yon lèt nou ki endike ou aplike pou yon nimewo. Travay ou ka itilize dokiman imigrasyon yo kòm prèv otorizasyon ou pou travay Ozetazini.

Travay ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nan www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi publikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandem, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

